

Enstriksyon Plenvu yo

Dòz separe

Refere ak fich enstriksyon sa a pou jwenn enstriksyon preparasyon entesten yo, **PA** sa ki vin ansanm ak medikaman yo. Rezilta tè s sa yo depann de si kolon w byen netwaye epi pa gen anyen ladan l. Poupou (matyè fekal) ki anndan gwo entesten w yo kapab kache maladi ak timè ki kapab prezan. Tanpri, suiv enstriksyon sa yo byen; sinon egzamen yo kapab pa presi oswa y ap bezwen refè yo.

YON jou anvan pwosedi w la

12 AM (minui): Kòmanse ak yon rejim likid klè nan maten sa a epi kontinye konsa pandan tout jounen an.

- **BAGAY KI BON POU PRAN:**

Ji pòm, ji rezen blan, limonad, Gatorade, dlo, te (pa pran lèt), kafe (pa pran krèm), Kool-Aid, bwason dous ki klè, bouyon bèf ki klè, bouyon poul ki klè, sisèt glase, Jello, ak bonbon di (Ki pa Wouj ni Vyolèt).

- **SA KI ENTÈDI YO:**

Pwodui ki gen lèt yo (lèt regilye, lèt zanmann, tout fwomaj yo, krèm, krèm kafe an poud oswa an likid, yogout, fwomaj kotaj, bè), pwodui lèt "atifisyèl" (lèt soja ak pwodui "san laktòz" yo), nenpòt bagay ki gen tent Wouj oswa Vyolèt ladan yo, Alkòl (kenpòt kalite a), tout aliman ki gen pilp (ji zoranj)

6PM: Kòmanse bwè 1ye dòz preparasyon w lan.

Etap 1: Melanje kontni pake **Dòz 1** an nan yon veso pou melanje l ak 16 ons dlo (rive l nan mak ranplisaj veso a). Sekwe oswa bat li jiskaske l fonn nèt. Bwè kontni an nan yon espas 30 minit.

Etap 2: Ou **DWE** bwè yon kantite 16 ons dlo nan pwochen 30 minit yo. Itilize veso ki vid la pou fè sa a.

Asire w ou bwè anpil likid sa pral pèmèt ou evite dezidrate ak fasilite kolon an netwaye.

Jou Pwosedi w la

- **5 èdtan anvan lè w ap rive a:** Kòmanse pran **Dòz 2** nan Kit Preparasyon w lan. Fin fè sa a anvan 2 èdtan.

Etap 1: Melanje kontni pake **Dòz 2 an (Sache A ak Sache B)** nan yon veso pou melanje l ak 16 ons dlo (rive l nan mak ranplisaj veso a). Sekwe oswa bat li jiskaske l fonn nèt. Bwè kontni an nan yon espas 30 minit.

Etap 2: Ou **DWE** bwè yon kantite 16 ons dlo nan pwochen 30 minit yo. Itilize veso ki vid la pou fè sa a.

- **3 èdtan anvan w rive: PA PRAN ANYEN DITOU NI POU MANJE, NI POU BWÈ, NI MENM POU MOULEN** jiskaske w fin fè tè s la. Lè w konsome nenpòt bagay apre lè sa a, sa pral lakòz gen yon reta nan pwosedi w la oswa yo ka menm anile l.

**Pou jwenn yon kat epay-koupon, ale sou

<https://www.myplenvu.com/resources.html#saving-program>

Pou kesyon sou pwogramasyon oswa zafè medikal oswa preparasyon yo, tanpri rele nan 239-343-6222

Pou kesyon sou faktirasyon yo, rele nan 239-343-5516